

**Pembantoe sareng agen:**  
 Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.  
 di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.  
 Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandung.

**Pembantoe sareng agen:**  
 Priangan wetaa Bestuur Pasoendan Tjiamis.  
 Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloeuarkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjatak di Drukkerij Soerabaja Tasikmalaja.

**Redaktoer:**  
 SOETISNA SENDJAJA  
 ATMAWINATA  
 Redaktoer di Batawi  
 SOERADIRADJA.

**KARANGAN** adresna ka REACTIE Heerenstraat 31.  
 POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimocloeweg No. 12 Tasikmalaja.

**Pangaos ADVERTENTIE:**  
 1/16 katja f 2,50 } Sakali moeat  
 1/32 " f 1,50 } dibajar ti pajoen  
 Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN. 3 sasih. . . . . f 350 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

## Pangadina Indonesia keur Walanda.

Omonganana toean *Desauvage*, madjar oerang priboeni noe sakitoe lobana teu aja pangadina, sakitoe zeus aja boelarna, welch teu daekeun leungit, njoek bae dina tjeuli. Oepama enja tea mah oerang teu boga pangadji, tapi ari *tanahna* mah, Indonnesia, lain deui pangadina pikeun Nagri Walanda teh. Sangkan oerang bisa ngira-ngira hartana tamal oerang keur deungeun—da oerangna mah teu boga adjen tea—ieu di handap ditjotat sukoer noe perloe biantarana toean *Dr. T. G. Walter*, waktoe *"Kamom maajikan"* di Nagri koempolan, sakoemaha noe aja dina soerat kabar *"De Locomotief"*.

Noe sok njareboetkeun madjar kajajaan di Nagri aloes doemeh pangasilan nagara raj taon - raj taon tambah-tambah bae, tjeuk eta toean, nja kitoe deui padjeg pangasilan kakajaan, kaeratoengan djeung peresenan (tantiemebehangting), beuki ngagedean—noe sok ngaromong kitoe poho, jen eta aja sababna, noe pangarochina koe oerang teu beunang dilaworkeun.

Ari eta sababna teh nja eta lantaran Indonesia kabeh diemakeun pihara *tambah-tambah rahardjana*.

Toeloej mataan angka - angka eta toean teh. Angka-angka noe "njara-rita" sorangan, noe nerangkeun naon sababna pang toean *ressauvage* ka-kara daek njaritakeun Int. meerderheid. . . . . djaga *tiloe ratoes taon deui*.

"Koe Ondernemersraad di kira-kira bati moeklis noe perloe dipadjeg tina: gula, karet, bako, kopi, teh, kina, minyak tanah, barang tambang, kantor-kantor banli djeung pausahaan noe sedjen noe leuteuk dina taon 1924 aja 490 malioen roepia djeung dina 1925 naek djadi 540 malioen roepia. . . . ."

Toeh batina woengkoel tina dagang. Atjan ti noe sedjen. Meudjeulna toean *Desauvage*. . . . .

Geura oerang toeloejkeun:

Tina eta bati t-h kira-kira 70% bagianana oerang Walanda ± 370 malioen roepia. Oepama dntoeng batina teh 9 atawa 10%, djadi pihargseunana bobogean oerang Walanda dina roepa-roepa pausahaan teh aja 3700 atawa 4100 malioen roepia ( f 4100.000.000).

Sanadjan ngan koe kira kira woengkoel, tapi bisa ngawangwang radja kajana Walanda di Indonesia. Oge diitoeng koe djalan sedjen, sakitoe keneh leubeunanganana.

Sanggeusna kitoe toeloej koe toean W. dibanding-banding djeung kajajaan di Nagri. Noeroetkeun itoenganana Dr. W. radjakaja radjakat Walanda di oerang teh aja 1/3 tina radja kajana sakoemaha. *di Nagri Surinama* djeung Indonesia). Ti semet taon 1913 kakajaanana beuki nambahan, *Ujontona*:

H. V. A. (Handelsvereniging Amsterdam) dina taon 1913 modalna f 10.000.000 harga harita 200%, djadi pihargseun kakajaanana f 20.000.000.

Ti harita modalna geus djadi f 40.000.000. Ajeuna andeclina pajoe 800%, djadi pangadji radja kajana aja f 320.000.000.

Djaba ti hasil dagang, aja deui kaeratoengan noe ditarik ka Nagri nja eta.

Gadjih pansioenan-pansioenan kira kira 50 malioen djeung gadjih antenar-antenar noe perloe oge aja sababna malioenna.

Tjeuk eta toean:  
 "Oepama di Indonesia kaeratoengan teu s bareha (mag-re jeren), tangtoe

Oepama heug ngingetkeun Indonesia teh anoe pohara gede pangadina keur industrie (pabrik-pabrik) djeung *scheepsvaart* (kapal-kapal noe narik moentan).

Maksoedna nja eta: Indonesia teh tempat ngadjoelna kahasilan Nagri kajaning: mesin-mesin, kadaharan, barang beulah-petjah, soeroctoe djeung sigaret, djeung roepa-roepa anoe sedjen, noe hartana dina taon 1924 aja f 132.000.000.

Pek ajeuna kapal-kapal tea. Lolobana noe lajar ka djeung noe aja di Indodesia.

Kahasilan narik panoempang woengkoel (dijelesa) dina sataon make geus aja f 16.000.000.

Koe ajana maskape-maskape kapal loba deui pangoepea djiwa noe sedjen noe katarik madjoe superti: pabrik pabrik mesin, pabrik tambang, noe njarieunan kapal djeung noe baroga tjabak sedjen.

Ata diingkeskeun koe oerang ajeuna pangadina Indonesia keur Walanda: bati tina pausahaan di Indonesia 370.000.000.

Gadjih pansioenan noe katampa di Nagri 50.000.000.

Gadjih noe pararelop. . . . . malioenan Ladang ladang pangasilan Nagri ti pasar Indonesia . . . . . 132.000.000

Panampaan maskape maskape kapal-kapal malioenan.

Tjeun ngitoeng kaeratoenganana Walanda noe digarawe di dieu.

Tjeun ngitoeng padjeg kalocar asoepna barang.

Tjeun ngitoeng. . . . .

Tjindekna: lain suetik eulik pangasilan ti Indonesia noe beunang koe Walanda. Noeroetkeun itoenganana oerang Walanda!

Tjeuk oerang dina hate: Paingan! Tapi ari toean Schotman dina waktoe koempolan P. E. B. di Tjirebon make njeboetkeun, sasat koe pitoeloenagna oerang koelon, pangabisana djadi sakieu teh bangsa priboeni mi.

Ari Walanda? Paugna boga internasionalite positie tjara ajeuna teh lain koe lantaran aja Indonesia mah? Miboga Indonesia?

Paingan K. W. I Paingan t. *Desauvage*!

Singhoreng baleunghar deungeundeungeun mah!

Leukleuk ari nendjo ka dinja mah. Arang langka aja noe mkeun alus ari keur lapar mah.

Parandene kitoe teu koedoe poeloes pangrepan!

Bareta bedjana aja noe njeboetkeun: Walanda moel mi-eun kamerdikaan ka Indonnesia . . . . . tapi laoen laoen tangtoe pikiran olah, noeroetkeun *hadjah djeung kajajaan oerang*.

Noe matax oelah ngarep ngarep redjeki nagri ti langit, ngarep-ngarep kanneung deungeun.

**Palaporan goedjroed Banten.**  
 Sarerea oge meureun aroeninga, sabadana roesoeh teh pamarentah gesat gesoet ngabenoem koemisi, anoe pamariksaan eta kadjadian, naon anoe djadi alatan djeung roepa-roepa kajajaanana. Demi anoe dibenoem kana koemisi teh nja eta djrg-djrg. Gobeer, Mayer Rennets djeung djrg. Soemitra. Ieu noe tiloan estoe paloekna woengkoeng. Djrg. Gobeer atoele Adpisoer, djrg. M. R. Assisten djeung djrg. Soemitra Dalem pisan, anoe kaloeeran sakola Eropa. Pendek, tjeokoep kapal-linteranana anoe djadi koemisi mah, sarta noe panggap tangtoe djol perja-

nganana teh.

Ngan aja kahandjakalan koering saeutik, dina eta koemisi teh teu aja lid anoe djadi wawakil somahan, ngan woengkoel tangan-tangan pamarentah bae. Tjajukan moen harita ditambahan deui reana lid koe doean (saha bae ti antara oepmana djrg-djrg. Oetjo, Stokvis, Soeroso djeung djrg. Otto), meureun volk teh beuki teteg bae kapertjajaanana, da boga rasa boga wawakil. Ari ajeuna mah, koe koemisi noe ajeuna, henteu moes tahil hate noe ngadenge palaporan teh, sanadjan sakitoe aloesna sarta beres djoedjoetanana oge, djiga moal welch aja timboeroe moal roesoeh-roesoeh pant eg kapertjajaanana.

Mana koering mah, katjida handeuelna, motie recht van enquete tes, teu katarima, heug djrg. Otto, djago oerang tea, ajeuna mah ngiring neken.

Oepama aja atoeran ieu mah Volksraad dikawasakeun ngonderzoek tea, hate toempang sirane atawa adad mertinjana teh. tangtoe leungit, meul aja. Handjakal!!

Eta laporan. anoe kabatja koe koering dina *De Courant* tanggal 31 October mah, henteu kompliit sngem-blengna, roepana ngan didjodjoan anoe penting pisan bae. Djadi moenggoch keur pantar koering mah, esa koerang etjes, nepi ka aja hidji doen roepa masalah anoe koedoe kataroskeun. Ngan ka saha nja naroskeun, doeka etah.

Noe ditjokot poko koe koemisi, lain tina alatan ka teu toemarimaan atawa economie atawa koe loba hoelang, noe ngalantarankeun pagodjroedan teh, tapi eta mah-saorna geus kitoe bae noeroetkeun ombakna alam, boga rasa geus beunta djeung teu narima kana ka ajeun; dimana? oge saroca bae nja kitoe.

Tah di dieu, palebah dieu, koering hajang njoesoel, wereldverschijn-elen kieu teh henteu di sakoeliah alam, tapi noeroetkeun dedeengan mah tina soerat-soerat kabar, kalolobaanana ugan di tanah djidjahan bae. Nja aja oge hidji doea, di tanah karadjiaan oge, tapi dipilih sakoer noe teu dipikapanoedjoe koe somahan tina paparentahanana. Ari tjara di Holan atawa Belgie atawa noe sedjen sedjen mah bet teu kakeoeping. Ngan di Roeslan, Tiongkok geuning noe raretjok tea.

Demi bibit mah, nja kominisme teh bae, anoe teu dipajoesan koe oenggal-oenggal nasionalisten teh, ngan sapedah ieu koemisin meunang tempat pangbetah geusan maneuh di oerangna.

Kadjaba ti Wereldverschijn-selen, soer koemisi teh, di Banten mah koe kangewa pada kawoela noe pang-pangna (persoonlijke haat) tjara Entol Enoh, anoe minangka pamangkaena, nepi ka wani maehan djrg. Wadana tina alatan ieu Entol dilepas tina kaloearahanana. Sapedah geus aja noe ngudilan jen moel weloes dilepasna, lamoen padjeg tereh-tereh loenas, nepi ka doeitna pribadi sawaroh dipake majaran. Kitoe deui tina perkara noe maehan toean Benjamin djeung doea oepas.

Dina palebah dieu, katjida koering hajangna matja eta rapport, soepaja bisa njaho nuha geus ditjoejtjoe bener-bener naon anoe djadi lantaran kagemesna? Sabab ari nepi kana males koe pati mah, rada soesah oge kadjadianana, ari sipat manoesa mah, iwal ti mata gelap.

Ari sababna aja kapanasaran kitoe teh, sabab ieu anoe tiloe roepa tea, kabeh anoe ditanasa tangan-tanganana anoe djadi pamarentah. Nilik anoe djadi lantaran ontvredenheid teh, babakoena doea roepa, niseta saper-

(wet-wet) karasana beurat atawa teu adil, kadoea noe ngadjankeunana (uitvoorders) taladjakna dijampoeoran koe teu aja ras-rasan. Sanadjan wetna hade, kana atoeran-atoeran soegema oge, ari koe noe ngadjankeun sok diembohan atawa diteuadikeun mah, tangtoe matak ngudatangkeun bahilana. Mangkaning ari si Leutik mah teu njaho di si Itoe si Etana da eta noe kitoe taladjakna, nja ka Eta bae ngewana, njerina teh.

Karasana koering, factor katjida pentingna, lamoen pamarentah taliti pisan nitanan kana tingkah lakoe noe djadi tangan tangan (uitvoorders), bisi niggang kana wet adil, ditampa salah tea, lantaran teu beres ngadjankeunana.

Kadjaba ti eta, koemisi teh geus njalahkeun ka centrale regering, tina talobeh koerang perdjagaan nepiketun propagandisten laloesna ngadjankeun pagaweanana, nawadjoehkeun koemisin tea.

Tina hal ien pikir koering mah tajan tibra pisan, lamoen ngan oekoer diopmerking koerang perdjagaan woengkoel, ari kahajang, lamoen aja pisabateunana kitoe sateh, sarta kata ngen koe koemisi, koedoe ditjempad (ingeungeureuhkeun) oge koe arandjeunna, dimana oge atoer-atoeran anoe matak beurat karasana ka abdi-abdi. da ieu anoe djadi poko lantaran, anoe koedoe ditobogaan perdjagaan.

Geura maranah bae, ari djelema tengtrem mah, tjom-mantel ka doeannganana sarta satia, asa teu koedoe didjaga djaga. Nja kitoe deui taja petana heroj kabongroj koe pangolo batoer.

Sok aja oge kadjadian sanadjan keur tengtrem beunang gagoda, eta koedoe diteangan sababna teh dina kabodoanana. Djadi atoeran anoe matak bodo somahan noe salah teh, kajaning koe koerang loba sakola, sarta sakola noe ajeuna aja, tjara sakola desa, teu njoempunan geusan nakis pangbobodo batoer, mawa sasab, sabab handap teuing pangadjaranana.

Mangga bae tekek hidji-hidjina noe mariang ka Digoel, kapan kalolobaanana mah (bagian panggede gedena) anoe koerang tjeokoep pangadjaranana. Nja aja oge anoe beunang diso-boet tjeokoep, ieu mah minangka "loear biasana bae", tjara tadi di lechoer geus disoeboet ibarat noe iklas kana pati batoer koe mata gelap. Djadi eta oge anoe rada terpeladjar nga-Digoel, koe sabab aja sabab noe djero.

Kitoe deui koe koemisi henteu didjieun sabab ari ekonomi mah, tjajah lain ti dinja lantaranana. Di dieu oge koering mah moel roesoeh-roesoeh ngaroedjoekan, ari sababna sok loba naker kadjadian djelema maling lain koe lantaran adatin gorong, atawa boga nmpoe hajang maling tapi koe lantaran kapaksa geus beak akal, koedoe maling, ngubelaan anak rabi, soepaja oelah ropi ka langlajuseun.

Ajeuna aja noe terpeladjar atawa henteu, loegah ligeuh teu boga gawe (kahirupan), dibibitan doeit, asal daek propaganda, atoch tangtoe tieur noe aja, da boetoch. Kadjeun teuing kitoe-kieuna mah, paribasa geuning sok koemaha engke.

Koe sabab eta koering mah keukeul neneda soepaja economie oerang priboeni koedoe dioeroes bener bener koe pamarentah, oelah rek noeroet keun tjetjekelan Mr. Gerritsen sareng Mr. Trip, bab economie teh koedoe aja di tangan Walanda bae.

Kasaoeran koemisi deui, oerang Banten mah teu raresepeun ka pamarentah Walanda, da beuki pang-

## Ti pipir hawoe.

Ti pakidoelan

Tjeuk oedjaring tjarit: Goeroedag Kangdjeng toean Taean diiring koe Bendara Opse nguronda. Doeka moen laratanana, ngau noe inget teh, oedjoe-oedjoe djlog bae djedjer tjurit loempat kana soerat kabar. "Poegoe!" soer Kangdjeng Toean Taean, maneh meunang matja soerat kabar.

"Djadi abdi kening maos Si. . . . Si. . . . (semoe asa-asa) Sipatahoenan?" tjeuk noe diadjak njurit.

"Poegoe bae, teu aja halanganana", soer Kdj. Toean. Djrg. noe keur dipariksa, doeka djoeroetoeis, doeka goeroe, semoe kaget, teu per-tjaja kana tepina.

Ngalieuk ka Bendara Opse semoe-semoe noe hajang nuros: "Koemaha ieu teh doedoekna perkara? Bet asa pabulioet"

Bendara kawasna soerti kana rintat, pok bae sasaoeran: "Ih naha make ngalieuk ka dewek. Naha dewek njarek matja Sipatahoenan?"

Eta mah, nja noen, dedenge tara meureun!

Pedah aja ketib noe nananjakeun djeung noeliskeun langganan Sip. djeung oerab-erab madjar kieu, madjar kitoe teroes bae disangka, madjar noe ti lechoer njarek. Teerta noe henteu tea, tjajah, tjeuk bedja. . . . .

Dasar alam doenja. . . . .

Gelenjoe.

(\*)

in ndengna aja pagodjroedan.

Panjoesoel koering teh meureun, naon atoch anoe djadi sabab noe matak teu resep, da pamobalan djol djol teu resep bae mah, sok kcedoe bae aja lantaranana. Tah ieu anoe koedoe ditjoejtjoe teh. Oerang oge geuning ari ngawa ka djelema, koedoe bae aja sababna, paling teu aja ari koe sabab reche mah moel euweuh. malah dina eta lajoran oge geus disoeboetkeun koe sabab Banten mah "m is deeld". Tjing ajeuna teangan deui djaba ti eta, da ari dilantarankeun tina agama mah. pirakoe meureun sakweli tanah Islam atoch ngawa ka Walanda.

Tjindekna anoe djadi oebar mah teu aja lian, kadjaba ti anoe sok didaladarkeun koe wawakil oerang priboeni anoe asli di Volksraad, tina hal ka - teu - toemarimaan, koe pamarentah koedoe didangoe bener-bener, sarta tetelakeun reudjeung boektina. Komo ieu mah da anoe ngadadarkeunana oge lain si Itoe si Eta, tapi djelema anoe kapilih sarta terpeladjar, beuki wadjib bae koe panggoeng ditieneana. Lamoen pantar kieu sok remen dibakeunana teh, asa rada teu nanggoeng lamoen koedoe nanggoeng teh.

Kitoe deui tina perkara roepa-roepa kahajang anoe direngkolkeun didjeun motie, sanadjan verworpen, sarta aja sawatara lid priboeni noe tegen, oelah dilerdjeunkeun, tapi koedoe djeung perloe ditimbang-timbangna.

Inja Allah lamoen kitoe petana tjara noe kadadarkeun koe koering, kawas koloni teh salamet moel kataradjang panjakit.

Kadjaba ti ieu anoe koedoe ditalingkeun teh, djeritua priboeni anoe teu kapedar di Volksraad, ngan oekoer dina soerat-soerat kabar.

Ieu oge perloe katjida dionderzoek bener bener, oelah sok dipili ke-





# PANEMBRONG

## Pangkoer.

1. He doeloer koering sadaja, anoe sami keur nandungan prihatin, hiroep diekoer koe batoer, poma masing ijtana, ati-ati ngadaga bantjang pakewoeh, oelah rek kangeungeunahan, het teu pisan djadi pikir.

2. Ajeuna ninggung mangsana, bangsa oerang kabeh koedoe ngahidji, hiroep sagalang sagoeloeng, o-lah rek pasalia, papahare ieu ngaler itoe ngidoel, lamoen kitoe salawasna, moal iugkar ti kanjeri.

3. Poma oelah lulawora, mokahaan ngandelkeun koema milik, tapi sanadjan kitoe, o-rang wadjib ihtar, sabab lamoen pinanggih djeung kari-ripoeli, teu boeroeng ngarasa aral, djongkel hate ketir-pikir.

4. Ari pidjalaneunana, taja deui koedoe bisa ngahidji, oelah arek pilih boeloe, dapon anoe sabangsa, teu dipilih anoe handap anoe loehoer, boh tjtjah atawa menak, noe miskin atawa soegih.

5. Moenggoehing bangsa oerang mah, kabeh ge meunang disabjet samilik, inget ka pamojok batoer, „da ari Inlander mah, noe reana opat poeloe malioen, teu aja hartina pisan”, kitoe tjarek anoe dengki.

6. Tangt-e kabeh ge ngrasa, ngan ajeuna oerangua koedoe tjuring-tjing, boeroe boeroe geura goejob, sangkan boga kakoeatan, bangsa oerang bisa ngatoer hiroep kcmboeh, teu beda djeung sedjen bangsa, hiroep hoerip boga hart.

7. Padagang geura sakalang, kitoe deui djoeroe tani sing ngahidji, kaocim boeroel geura ngoempuel, reudjeung djaba ti eta, mapan kabeh bangsa oerang sakaboetoh, teu aja pisan bedana, anoe gede anoe leutik.

8. Ari koempoelan „Pasoendan”, sata bae teu dipilih, terah ratos mangga rawoeh, sutana geura doengkap, toekang ngarit toekang matjoel geura tjoendoek, sangkan bisa babarengan, mikatjinta lemah tjai.

## S.

teu kapoeloe hasilna, di Banten 19515 bae noe roeksak koe koeng-kang. Koemeli rea roegina lantaran koerang tjai (Lembang), njakitoe deui pelak bako. Kebon bawang (Batawi) keuna koe hama hileud.

Lamoen dibandingkeun djeung di Djawa tengah atawa Djawa Wetan, di Pasoendan tanah anoe dipelakan pala-widja teh katjida saeutikna. Kana melak handelsgewassen (anoe hasilna djo. leun) katjida pisan teu diperloe-keunna, anoe djadi lantaran babakoena oerang dieu mah rata-rata tanahna teh pikeun saerang saeranga leuwih lega batan Djawa Tengah djeung Wetan, katoeroeg toeroeg koe lantaran kajuangan tanahna deui, pangue hese madjoena teh.

(Samboengcu).

## Tentoonstelling di Indihiang.

Poë Minggoe tanggal 6 Nov. 1927 poekoel sapoeloe isoeek-isoeek tentoon-stelling karadjinan karadjinan di Indihiang (Tasikmalaja) geus diboeke.

Tamoe-tamoe noe saroeumping ti Tasik Kg. Dalem, Toean Assistent Resident Djoer. Patih, Djoer. Hoofd-opsi:chter Irrigatie sareng seueur deui ondergan.

Djoer. Tjamat Indihiang njaros naon maksoedna ngajakeun tentoon-stelling. Oepama aja doentoeungna tina eta pasar malam eta doentoe baris dipake noeloeng ka hidji desa di bawahan onderdistrik Indihiang pikeun njeun saak desa.

Saparantos Kg. Dalem sasaoeran lajeng arangkat ka lapang tentoon-stelling.

Noe katendjo dina stelling kajaning karadjinan anjaman awi djeung hoe,

batikan tinoenan djeung roepa roepa deui!

Oepama bae kaentoenganana henteu tjoekoeur keur noeloeng desa noe koedoe njeun saak tea, meureun bisa oge Regentschap mere subsidie keur njeun eta sasak, oepama aja pamen tana des, sabab eta djalan keur kaperloean sarerua.

## Volksraad.

Motie Toean Midoendorp (I. S. D. P.) pikeun mitjeun lak Goepereem-nga boesangan djelema noe dianggap ter-bahaja keur hiroep koemboeh koe Volksraad ditolak. Kaom Nationalisten djeung N. I. V. B. rea noe moepakat kana eta motie Middendorp. P. E. B. noluk eta motie.

## Euleuh!

Tjeuk Walanda: *Wie een hond wil slaan, kan licht een stok vinden.*

Djisim koering, poen *Kardoen*, roe-maos pisan djadi djalma taja pisan pangabis; eta babakoena noe djadi margi, ngan aja dina njirangkeun bae tina objagna djaman kiwari teh, tebih pisan kana sangum telas-toulis.

„Ari ieu, geuning?”

Ih, atoeih, abong ari koedoe hees saeomeer - oemoer mah. Noe djadi margi?

Sireum ditintjak-tintjak teuing mah, . . . hamo teu goeoroepoek. Geura: Dina *’t Nieuws van den Dag* tg. 15 Oct. 1927, rubriek „Wat gisteren in de Krant stond” aja tjawawangna *Kangdjeng Toean K. W.* anoe euleuh, na aja *patri*, nepi ka poen K. d. loengsoer tina alam katibriaan, komo meureun ari keur bangsa K. d. mah, (tjap salah), anoe sanes anoe maroen-del, noe geus katelah Mr. Dr. Ir, abong moen teu aja kapeurih teh.

Nampa soerat, tjenah, aeh, dawoe-hanana *Kangdjeng toean* teh ti hidji planter anoe oenina:

Djoeragan.

Oepami aja damelna pikeun ngahalangan ajana Hul. Meerderheid di Volksraad, noehoenkeun soepados tawisan djisim koering ditampi dina lijst (rekesan K. d.)

Satadina, koe emeletan, geus tangtos pohara saena, oepami aja Hul. meerderheid teh, tapi saparantos matja serat anoe kaktintoen sareng ieu, anoe dibantoen koe hidji djalma noe keur neangan padame-lan, djadi kantoen reuwas noe aja Mangga geura tjipta, pisakoemaha-eun teuing, oepami noe ngabantoen eta serat katerangan doegi ka tiasana djadi lid Volksraad.

Dina waktos ieu kaleresan keur teu aja lowongan, Manawi sareng manawi djoeragan iasa maparinan pitoeloeng.

## Hoermatna

(tekanan)

Soerat kateranganona, ieu di handap:

## Aan bepelingsbrief.

En man, noori Reins of Ambon benaming Soekman, ziju werk hoofdmandoer binnen onderneming, is al lang tijd, zes jaar, is niet ontgebreekt wat.

En mag ook om waerachtig te geloovig zijn arbeid, en nog mis-schien, ze wil ander werk te onder-neming terug, verwachting (blij de ??? K. W.) \*—opdat Adminis-trateur ontvang hartelijk.

En beleeft verzoek behandeld.

De handtekening van

Administrateur

Saghale 31/2-'27

(Samboengcu)

## Ngalereskeun noe lepat.

Sipatahoenan minggoe kamari nomerna lepat, sanes 18 nanging leresna 19, nja kitoe deui tanggalna sanes 9 November, nanging leresna 8 November.

## K A B A R

(Pina s. k. sanes).

Hidji Hadji lid P. S. I. di Pakal-long meunang lotre f 50.000, too-loeig derma ka P. S. I. f 3000.

Bedjana Toean Lefebre hidji lid bestuur Liga tegen koloniale onder-drukking (pagoejoeban pikeun nolak tundesna ka taneh djadjahan) bakal

datang ka Hindia.

—o—

Deurwaarder B. R. Scheffer di Bandungasin ditangkep, lantaran didakwa make doentoe Goepere-meu.

—o—

Di Doga rek diadegteun opvooe diing-gesticht (boer keur boedak) sa-perti di langgeang. Tanahna geus meunang.

—o—

Djelema-djelema noe diboeang ka Digoel mindeng pisan ngirim soerat ka doeloer djeung baraja-barajana men-ta dikirim blek-blekan kaperloean sport djeung roepa-roepa. Di Digoel masih keneh kakoerangan awewe.

—o—

Antiwoeker vereeniging (pagoejoeban keur ngabasmil lentah darat) njeun sirkoeur jen djelema-djelema noe boga hoetang ka lentah darat beunang menta pitoeloeng ka ieu pagoejoeban keur ngabantoe noe kasoehan di hareupeun hakim.

—o—

Dina waktos pesta koeminis 10 taheun di Roesla: kamari ieu, pones hoekoem pati ka djelema-djelema noe ngalawan ka Pamarentah Roes-lan, dirobah djadi hoekoem boei 10 taheun atawa leuwih.

—o—

Mr. W. Birnie-noeroetkeun Gouv. Besluit meunang idin ti Goepereem pikeun ngala tamaga, emas djeung perak di karesidenan Priangan koelon. dina (taneh noe legana 886 H. A., pikeun toeros 75 taoen-un. Ngaranna maskape „Mijuconcessie Tjkarang.”

—o—

Di Bhopal-Britsch-Indie pohara di-gedekeunana pergerakan dina agama Islam, nepi ka noe djadi ratoena sanggeusna lina tina ngerelna nagri neumboengeun ka panoehoenanana teh, koe njunggoepan pitoeloengna ngasor-keun radja kaja noe pangadjina ± 120 malioen perak pikeun propaganda.

—o—

## Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENC).

Tasikmalaja Telefoon No. 2.

Sajagi Kareta Mesin Simplex sareng sanes-sanes Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michella. Good-year, Dunlop, sakalian sareng parobot pikeun Auto (inderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) sa-perti Beureun, hedju, bla, koneng kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggo leter monogram koe aer mas, sae pi-san pikeun soepnier.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasohor kakoe-watanana, dina waktos ajeuna keur rame pisan anoe ngarangge beul angin (windbuis) pikeun plestran, nja eta keur bladjar nembak atawa keur manoe, badjing, tjareuh, ganggara-ngan anoe sok ngaroeksak kana pipi-araan, heular, kalong, sareng sadjab ti eta sato sato anoe ngaroeksak, tang-tos tiasa kenging koe B. S. A. tea

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong 2 roepi anoe kaliber 5/2 sareng 4/2, nja eta merk B. S. A. anoe mashoer kaktintanana sareng saena, pelorna sajagi tjoekoeur, sadjab ti eta, sajagi roepi roepi Eestervies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Westminster, erlodji anoe sa-rae, peso silet peso tjoekoeur goenting mesin anoe parantes mashoer kasa-anana, njondong roepi roepi oekoer-an filter (saringan tjai) pikeun ngadja kawatrasan, atawa kasehatan.

## STOP,!!!

Mangga linggih heula ka toko abdi ROEKANTA di Lengkong Tasikmalaja jakts toko alit, da mudalna alit, nanging pangaoes mangga bandingkeun sareng to-ko gede.

Sajagi kaperloean toeangean sadidinten, panganggo sareng landong-landong patent oge saja-gi.

## Preanger Chemicalien Handel

Telefoon No. 76..

Salamnja sadia roepa-roepa obat patent dan lain lainnya, Minoman, Serotoc, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boucills, dan pekakas potret.

## Nembe medal:

Goegoeritan pangajaran ngadangding f 007  
Lalepstan poetra, dosana iboe rama f 050  
Rasiah koesir I f 030 II f 045  
Neng Hajani f 050  
Nampi padamelan tjtakan boekoe-koekoe.

Toko en Drukkerij „PASOENDAN” Tasikmalaja.

## TOKO

## Universul Agentschap NIC MULLER

Goeoengladoe 15 Telepon No. 26. TASIKMALAJA.

Nembe nampi Verbandtrommel (tem-pat oerag kuperloean sadidinten). Perloe keur sadaja djelema noe tebih ti doktor.

Katjida perloean keur sadiaan di bale desa soepama sadaja djelema bisa dioebar an oepama potong, raheut, ragrag, barareuh, njeri beuteung, nje-ri panon katjida atawa dipatjok oraj. Dina ieu verbandtrommel sadia sazala roepa oerag kaperloean sapa-poë.

Tjebi soemping ka Toko? atanapi njeratan engke diterangkeun sagala roepina eta verbandtrommel.

Noe ngadjeng-ngadjeng NIC MULLER.

N. B. Di toko kenging moendoet prijou-rant teu kedah majar.

## KUNSTHANDEL „BOEMIPOETRA” Tjikoedapateuh No. 188. A.

BANDOENG.

Ngitjalkeun roepi-roepi barang kabinangkitan oerang priboemi, pikeun kaperloean sareng papas boemio-boemio, kajaning: Gambar-gambar tina olie en waterverf, aardewerk anoe dibatik sareng diglaseerd, roepi roepi barang tina tandoeke sareng joelang, papas bilik tina tinoen sareng batik, parobot tina koeuingan sareng sadjab ti eta.

Djab ti kitoe, nampi titipan, itjalkeunneun (in commissie) barang-barang kadjab ti anoe kasebat di loehoer, kajaning anjama, soenggingan sareng sabangsana, anoe kaetang toelen kabinangkitan oerang priboemi. Soegri anoe bade nitipkeun, kenging moendoet badanteu heula, boh koe serat atanapi soem-ping koe andjeun.

Djisim koering nanggal (njanggemat) oepami henteu padjeng dina lebet 3 sasih, kenging dipendoet deui atanapi teras dipeser koe djisim koering. Ngahadja ngadamel ieu atoeran, henteu aja sanes moeng pikeun ngamadjeungeun padamelan kabinangkitana-na oerang priboemi bae.

Noe ngadjeng-ngadjeng D. Djajamihardja.

## Boekoe-boekoe basa Melajoe.

BAROE TERBIT.

Boekoe Padoman aannemer Prijai B. O. W. dan Irrigatie. Isinja 1. Atoeran dan ongkos-ongkosnja pekerdjaan mengkali tanah. 2 Atoeran hal gebal roempoet dan pager. 3 Hal bakiu dan memiara djalan djalan. 4 Hal mengeroes pekerdjaan dari bamboe atau lain lain pesawat di Hindia. 5 Hal mengeroes pekerdjaan toemboekan dan tiang besi (fondament) djembatan atap, gawang pintoe, djendela, loteng, amparan dinding, tjtakan kajoe, dan tangga dari matjam-matjam pekerdjaan. 6 Mengeroes pekerdjaan dari batoe toemboekan batoe dan pengatoeran memasang batoe, hal menggoenakan keloeh, batoe, beton, plesteran, laboeran lan-taj d. l. l.). 7 Hal atap. 8 Pekerdjaan dari besi. 9 Roepa-roepa. Harga f 1.— franco di post f 1.15

Boekoe Ilmoe firasat, bergoena sekali kepada toean-toean jang maoe taoe roepa-roepa koempoelan ilmoe ghaib, saperti firasatnja segala djenis manoesia dan perempoan, hal mengitoeing baik boeroeknja hari boeat menikah, alamatnja mimpi, kedostan, pe-tangan usabnja sesoeatoe orang, ilmoe mengolah rasa antara lelaki sama perempoan ilmoe mentjari nama anak, alamatnja anak baji dan lain-lain lagi jang doeloe-doeloe ilmoe ini dipegang resiah oleh orang toea-toea, teroetama pendahoeloeannja menie-rangkan roepa-roepa ilmoe tharekat dan hakekat Islam sedjati dengan tiada manjalahkan hoekoem sjara. Soenggeh besar se-kali goenauja. Harga 1 boekoe f 1,50 franco di post f 1.65

Boekoe katrangan Islam sedjati (bahasa Melajoe). Isinja Sadja-rah jang moela-moela orang membawa agama Islam ke Indone-sia. 2 Jang sedjatinja Islam itoe. 3 Artinja perkataan agama. 4 hal kedjadiannja alam doenia dan manoesia. 5 Hal manoesia dengaz roepa-roepa roh kekoeatannja, baik roh pengrasa roh angen aneun (tjitaal), roh akal, roh fikiran dan lain-lain. 6 Hoekoemnja badan djasmani. 7 Boenji ringkasan sadjarah Tjite-bon koeno. Harga f 0,50 franco di post f 0,60 rembours ditambah f 0.50.

Wawatjan Miradj K. Nabi Mochamad s. a. w. merk H. B. K. Eusina: A s m a r a n d a n a: njaritakeun basa kangjeng Rasoe-loellah s. a. w. di sampenr koe Malaikat Djabrail, diadjak mi-radj ti Hidji Ismail (Masjidil haram) ka Baetoer Moekedas basa tanggal 27 Radjab, malem Soen. K i n a n t i: njaritakeun roepa-roepa pamoudak di djalan antara Baetoelilah djeung Baetoel Moekelas. pang eureunan di Jessa Tsibah (Madinah) tjarta desa Madijan. Pang eureunan di poentjak goenoeng Toersinah. Pang eureunan di Sjam; Djin Ipri ngoedag-ngoedag mawa soeneu. S i n o m: Njaritakeun lakoe-lampah noe diboeat patena teu beak-beak, oenggal di etem tjoekoel deui, djeung lalampahan Nji Masitoh di keloeh koe Radja Pir Aou. Sereng saterasca doeng-kap ka moelihna K. Nabi ti langit ka 7 ka alam doenja, harga franco di post f 0,80.

Boekerij H. R. B. Kartadiredja-Bandoeng. (Tjibadakweg 5).